

# Egzamen Enspeksyon Kay San Randevou

**Pwosed** Egzamen an (Avril – Jen 2018)

Ou kapab enskri pou egzamen an nan sant egzamen an, nan jou egzamen an. Gade nan orè ki anba la a pou jwenn pi bon adrès, dat ak lè pou ou pou w pran yon egzamen.

Plas yo limite epi se moun ki vini avan yo k ap jwenn premye plas yo. **Si ou vini an reta, ou p ap ka pran egzamen an.**

## **Sa pou ou pote:**

1. Yon fòm idantifikasyon ki gen siyati ak foto ou sou li yon ajans leta te ba ou. Idantifikasyon ou **DWE AJOU** (pa ekspire) epi li dwe soti nan lis sa a:
  - lisans chofè
  - idantifikasyon Eta a te ba ou (tankou yon kat idantite ki pa lisans chofè)
  - idantifikasyon militè
  - paspò Ameriken
  - idantifikasyon Imigrasyon Ameriken ba ou
  - sètifika Sitwayènte Ameriken
  - paspò Peyi Etranje
  - IDNYC (Kat Idantifikasyon Rezidan Vil New York)
  - idantifikasyon Konsilè Brezilyen, Meksiken oswa Ekwatoryen
2. Frè pou Egzamen an \$50. Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Depatman Deta (Department of State) oswa ou ou ka peye nenpòt frè ak kat MasterCard oswa Visa. **Nou p ap aksepte lajan kach.** Nou pa ranbouse frè egzamen an. W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou voye tounen.
3. Notifikasyon admisyon (si li aplikab)

## **Regleman Sant Tès la**

Ou kapab itilize kalkilatris si yo mache ak batri oswa solèy, yo silansye, yo pa ka enprime, epi yo pa gen yon klavye alfabetik. PDA yo entèdi.

Telefòn selilè, bipè ak nenpòt lòt aparèy elektwonik DWE etenn pandan egzamen an.

Nou entèdi diksyonè, liv, lòt materyèl referans, gwo sak ak valiz nan sant tès la. Pa pote bagay sa yo nan sant egzamen an paske pa gen okenn kote pou mete yo.

Nou entèdi moun manje bwè, oswa fimen nan sant egzamen an. Si ou pote manje oswa bwason, yo pral mande pou w jete yo avan ou antre nan sant egzamen an.

Nou entèdi moun mennen vizitè, envite, ak timoun nan sant egzamen an.

**Y ap retire nenpòt moun yo jwenn k ap sèvi avèk nòt, liv, oswa lòt bagay pou yo pran pou; k ap bay oswa resevwa èd; retire materyèl egzamen oswa nòt ki soti nan sant egzamen an; ki deranje oswa patisipe nan aktivite ki kont règ sou fason apwopriye pou aji lè y ap pran egzamen nan sant tès la. Sipèvizè Egzamen nan Depatman Deta a pral pran nenpòt desizyon ki nesèsè konsènan disiplin.**

## **Fason yo bay Nòt**

Tout rezilta egzamen yo se ou byen ou **pase** osnon ou **echwe**; ou p ap genyen yon nòt nimerik.

Nou pral fè w konnen pa lapòs kou rezilta egzamen ou yo disponib.

**Si ou pase** egzamen alekri an, ou pral resevwa yon notifikasyon pa lapòs. Ou dwe soumèt notifikasyon orijinal sa a (pa yon kopi) ak fòm aplikasyon w lan, frè lisans la, elatriye. (Ranpli detay aplikasyon yo ki sou enstriksyon fòm aplikasyon an.)

**Si ou pa pase** egzamen alekri an, ou pral resevwa yon notifikasyon pa lapòs. Ou ka sèvi ak notifikasyon sa a pou rebran egzamen an nan yon lòt dat ak lè ou pito.

**Rezilta egzamen yo ap valid sèlman pou de (2) zan.**

**Egzamen Enspeksyon Kay San Randevou - Enfòmasyon sou Egzamen an**

Egzamen an fèt ak kesyon ochwa miltip, ki baze sou kourikoulòm avan lisans 140 èdtan an.

Aplikasyon yo ap gen **2 ½ èdtan** pou pran tès la. Kantite tan pou pran tès la ap kòmanse lè yo fin bay enstriksyon yo.

**Sijè egzamen an gen ladan yo:** Lwa konsènan lisans; fason pou ekri rapò; sistèm chofaj, refwadisman ak plonbaj; izolasyon ak vantilasyon; pati estriktirèl, eksteryè ak enteryè ak sistèm elektrik.

---

## Orè Egzamen San Randevou a Avril – Jen 2018 Enspeksyon Kay

---

Sit ak lè tès la gendwa chanje epi egzamen an gendwa anile si fè move tan oswa si gen lòt kalite ijans. Si fè move tan nan zòn ou a, ou kapab cheke sit entènèt nou an osnon rele 518-474-4429 pou wè si gen yon egzamen yo te anile. **Tanpri pa rele sant tès yo ki nan lis anba a.**

Si ou bezwen asistans oswa enfòmasyon sou egzamen an, ou ka kontakte yon biwo Divizyon Sèvis Lisans (Division of Licensing Services) nan zòn ou a oswa rele sant telefòn Albany a nan 518-474-4429. Moun ki itilize TDD yo ka kontakte operatè relè Eta New York la nan 1-800-662-1220. Moun ki gen andikap ki bezwen enfòmasyon konsènan aksèsibilite yo ka rele 518-474-4429.

**Nou p ap aksepte okenn moun nan egzamen an apre lè kòmansman ki endike a.**

**No one will be admitted to an examination after the specified starting time.**

### On the following MONDAYS at 9:30 a.m.

April 2, 30	June 4
----------------	-----------

*at these locations:*

#### **ALBANY\***

**(Alfred E. Smith State Office Building)**

80 South Swan Street  
Albany, New York 12239

*\*Located at the corner of Washington Avenue and South Swan Street*

#### **BUFFALO**

**(State Office Building)**

65 Court Street, Main Floor, Hearing Room, Part 5  
Buffalo, NY 14202

#### **FRANKLIN SQUARE**

**(VFW Hall)**

68 Lincoln Road, Basement  
Franklin Square, NY 11010

**N6 Bus Route on Hempstead Turnpike**

**From the East:** take the Southern State Parkway to Exit 16N, Franklin Ave.

**From NYC/West:** take the Cross Island Parkway SOUTH to the Southern State Parkway EAST. Take exit 15, Franklin Ave., turn left at the 2nd light onto Franklin Ave.

**On Franklin Ave.:** turn RIGHT onto Hempstead Turnpike and go 5 blocks. Turn LEFT onto Lincoln Rd. (7-Eleven on corner). The VFW Hall and parking lot are on the RIGHT.

#### **HAUPPAUGE**

**(Perry Duryea State Office Building)**

250 Veterans Memorial Highway  
Basement Conference Room  
Hauppauge, NY 11788

**Note:** Building sits back off highway. Look for the green sign near the road.

*Continued*

*continued*

**On the following MONDAYS at 9:30 a.m.**

April 2, 30	June 4
----------------	-----------

*at these locations:*

**NEW YORK CITY**

123 William Street, 2nd Floor  
New York, NY 10038

*Note:* Enter doors to the left of the main lobby doors and take escalator to 2<sup>nd</sup> floor.

**SYRACUSE**

**(State Office Building)**  
333 E. Washington Street, Main Floor, Hearing Room A  
Syracuse, NY 13202

**On the following MONDAYS at 1:30 p.m.**

April 23	May 21	June 25
-------------	-----------	------------

*at this location:*

**ROCHESTER**

**(Finger Lakes DDSO)**  
620 Westfall Road  
Rochester, NY 14620

Take NYS Thruway to Exit 46, take 390 North to exit 16, turn RIGHT on East Henrietta Road, turn right at 2nd traffic light onto Westfall Road, Finger Lakes DDSO is on LEFT. Park in lot on right. **DO NOT ENTER THROUGH MAIN LOBBY**. Look for Sign, "New York State Testing."

*Remember that you must bring the \$50 dollar examination Fee. Arrive early and bring your photo ID.*